

\*\*\*\*\*  
 RAGAD ADVERTENTIE:  
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—  
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.  
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:  
 (apes: f 1,25).  
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:  
 B. SOEMARNA  
 kabantoe  
 REDACTIE - COMMISSIE.

\*\*\*\*\*

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemawah.

\*\*\*\*\*  
 REGINIPOEN LENGGANAN  
 SWARA TAMA  
 sampoen kalijan regining Soera Katholiek  
 1 taon . . . . f 7,50 } njoewoen kabajar  
 1/2 . . . . f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie  
 IGNATIUS-COLLEGE  
 DJOKJAKARTA.

\*\*\*\*\*  
 Drukkerij „Canisius” Djokja.

### ISINIPOEN.

Gesang rerajatan lan djagad social — Aroem daloe, ning tenan — Wangsoelan — Nerangaken serat kabar — Serat kintoenan — W.K. ing Moentilan — K. W. ing Djokjakarta — Kring Bandoeng — Saja nggrengseng — K. W. ing Gandjoeran — K. W. ing Blitar — Pramila — Ontjen sekar gambir melati — Oerap - sari.

### WARA - WARA.

Ngatoeri priksa dateng para oetoesaning pakempalan ingkang badé ngrawoehi tjandi Tyas Dalem ing Gandjoeran comite van Ontvang ing dinten malempoen Slasa, boten saged nampi officieele ontvangst.

Pangreh  
 COMITÉ.

### LARASATI.

#### GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

Wewenang lan wadjibipoen tijang sepoeah dateng anak.

Anggenipoen ngoekoem kedah adil, moerwat kalijan lepatipoen, wewatekan toewin ageng aliting laré. Tijang sepoeah kedah ndjagi sampoen ngantos ngoekoem kalepatan, ingkang boten dipoentemaha. Kedah namoeng margi katresnanipoen dateng anak, tijang sepoeah anggenipoen njoekani paoekoeman, boten sebab saking nepsoe oetawi sebab sanès ingkang kirang prajogi. Bapa bijoeng manawi srenggen kedah sarodjoek; dados manawi laré dipoenokoem bijoengipoen kanti adil, bapa boten kénging ngréntjangi anakipoen, lan kosok-wangsoel. Tijang sepoeah ingkang kerep srenggen, ananging babar pisan boten naté njoekani paoekoeman, poenika sami kalijan Héli, ingkang angsal dedoea (ngantos manggih tiwas parjah) saking Goesti Allah margi ngéman anakipoen boten poeroen ngoekoem, sanadjan anak lelampahipoen boten saé.

Dados kamiwelasen poenika boten saé, mangké ladjeng nama welas tanpa alis. Tresna dateng anak tegesipoen moedjékaken saé dateng anak; ngoedi soepados anakipoen seneng, manggih basoeaki; ngarah moerih itjaling bebaja ingkang badé ndatengi. Inggang saréhning laré wiwit alit dèrèng mangertos barang poenapa ingkang damel saé lan barang poendi ingkang moeroegaken awon, mila wiwit alit dipoensoekani soemerep.

Manawi wonten ingkang tjarijos: akoe ora tegel nèk ana botjah nanging; dadi apa kang dadi pandjaloeiking botjah, akoe koedoe-koedoe mènèhi, soepaja adja nanging. Makaten poenika ing tembé wingking boten saé kedadosanipoen; awit laré ladjeng nama ngadi-adi; samangsa boten ketoeroetan ingkang dados kekdajenganipoen, teroes nanging gadah roemaos mengko jèn akoe nanging rak mesti diwènèhi.

Déné kawadjanipoen tijang sepoeah ingkang ageng lan perloe pijambak inggih poenika: njoekani toelada saé. Piwoelang saé, pitoetoer katah-katah boten badé wonten wohipoen, liripoen boten kagatosaken ing laré, samangsa laré soemerep bilih tijang sepoehipoen boten nindakaken pijambak. Temtoe kémawon, laré saged oegi dipoententangi manahipoen, bokmanawi malah gadah krenteg badé nglambahi saé, nggatosaken pitoetoeripoen tijang sepoeah, nanging sareng tijang sepoeah tindakipoen soelaja kalijan piwoelangipoen, poen laré ladjeng mak plengpong, kèndel namoeng niroe lampahipoen kémawon. Manawi tijang sepoeah kirang sregep ngibadah, kemma pasowitanipoen ing Pangéran, badéa akèn sregep anakipoen, badéa akèn kerep sowan ing Grédja, inggih badé sakedik kadadosanipoen, manawi ingkang sepoeah pijambak

boten njoekani toelada saé. Wiwit alit laré ingkang dipoensawang-sawang namoeng tijang sepoeah; laré ingkang boten nggega tijang sepoeah, inggih angèl badé anggega tijang sanès, oepami goeroe; dalasan piwoelang lan pitoetoeripoen pangageng rohani kémawon, badé sakedik damelipoen.

### PRADJA RAHAJOE.

#### AROEM DALOE, NING TENAN.

Wonten ing Sw.T.No.4 ingkang medal tanggal 24 Januari samangké poenika, sadèrèk jèn Kober kados toeloeng-toeloeng, amargi badé katiwasan. Koela radi kagèt, koela wastani wonten tijang ketoendjang bis, djeboel kesrèmpèt waé, agi mèh arep.

Koela poenika awon-awon meksa satoenggiling consulent. Dateng babagan toetoeloeng makaten mila pantjen sampoen toekang, ning nak kober.

Woesana sinareng nembé poenika koela badé noejojengi dateng sadèrèk jèn Kober, djeboel mak djegagig, katel, kados fiets ingkang sroetoel ontèlanipoen. Koela kowal-kawil, meksa halloes, mlèsèd-mlèsèd kémawon. Tjara wawangipoen kados rahadèn Sangkoeni, badé kanggé main kiprah, djeboel poetoel garané.

Karanganipoen sadèrèk jèn Kober koela woas-waos ngantos ping woloé, éwasamanten meksa éwed anggen koela badé toetoeloeng. Ora, sing lara iki apané ta-nèh, lan olèhkoe nambani seka ngendi? Èh, kesoeah timen atiné awakoe kijé. Wong ndjedjaloek kok ora karowan sing ditoedingi, emoh akoe nèk ngono. Sabeneré waé sadèrèk jèn Kober ikoe apa ta kang dipoendoet. Anjel akoe. Jèn ta botjaha tjilik, tak-ekon mèlèt ilaté. Ha jèn nge-loea, wis karowan, tak atoeri djeram-djeram goeloeng, mestiné ija kersa ngagem pilis, lo, timbang ora ana pilis lijané. Apa ija ditjandak sikilé waé tjek, ndjoer dioeroet wani nganggo gendoel kopi?

Wonten ngrikanipoen sadèrèk jèn Kober ngandika makaten:

Kotjapa, énggal poenika satoenggiling toean Bosch manggih réka énggal, soepados anggenipoen ndèrès karèt medal katah. Manoet réka énggal poenika angger oewit saged ngedalaken 100% tanpa kanti ngrisakaken witipoen. Jèn sedaja bangsa Europa ingkang gadah wit karèt sami nganggé réka énggal poenika, bangsa Indonésijah badé kompèren, woesaana katiwasan.

Saweg semanten kaparenga njela atoer. Toewan Bosch gadah pamanggih kados ing nginggil poenika, poenapa boten sampoen wadjibipoen jèn ta ingalembanaa. Menawi saged kados prajogi tinoelad, menawi boten saged, la inggih dipoenkèndelaken kémawon. Nanging sadèrèk jèn Kober boten ngaten, ing semoe sadjak djrih, bokmanawi radi ngoewatosaken kagoenganipoen Indonésijem. Weroeh kongono waé kok wedi, méndah géné jèn weroeh sing loewih gedé, kongoenoe, oraa djoer kami-tol-tolen.

Prijantoen waoe ngandika: kompèren. Pantjen, mila pantjen kompèren, tijang sapoenika saweg taoen 1930, tjara djongkinipoen dèrèng saged nggitik. Kompèren jèn pantjen tenan, badé kados-poendi malih. Nak kompèren malah ora ana sing njetoet, djé. Nanging sareng manawi dipoenèmbèl-èmbèli: woesaana katiwasan: lo, koela ladjeng bènget.

Sinten ta ingkang katiwasan poenika? Lan katiwasan poenapa? Wong ming ana wong ndèrès metoe 100% waé, kok ndjoer katiwasan. Nijat boeta Térong, agi dirasani waé teroes mati. Namoeing prakawis karèt, sanès tetedan kémawon kok katiwasan. Poenapa tijang Indié poenika tedanipoen karèt ta? Koela poenika sepisan kémawon dèrèng naté neda karèt, kok inggih dèrèng naté katiwasan.

Sadèrèk jèn Kober ngandika malih:

Jèn wedalan karèt saja katah, aosipoen wonten peken-donja badé medak.

Keleresan, malah ing ngriki boten oesah nanem karèt, kantoen toembas kémawon. Tijang mirah reginipoen kok ngaja-aja sadé koewih karèt, jak nijat ngingoe loewak. Apa ija kelakon loewak ikoe didjoe-poek dèdèsé. Kalijan malih anggen pandjenengan badé dasar koewih karèt badé wonten poendi. Poenapa badé pandjenengan kintoen dateng Manggarai? Katimbang karèt aloewoeng kimpael, mrendel jèn kateda. Lan malih jèn pinoedjoe patjeklik awis tedi kados Manggarai, koela boten oesah adang karèt, inggih jèn saged mateng. Mangan kok mangan karèt, apa nang weteng kirané ora hanggandjel.

Tjekaking tjekak, koela poenika pandjenengan dawoehi poenapa ta? Poenapa pandjenengan dawoehi ngelikaken dateng toewan Bosch: Zeg Nir Bosch, geen nieuwigheid meer uitvinden, K anders Indonésijem va-e-liet. Geen grappen meer ja hoor! Engko darani dahwèn.

Poenapa koela pandjenengan dawoehi pados akal, soepados saged ndèrès medal 137%, oetawi saged ndèrès medal piambak. Mangké manoet étangan pandjenengan ing Indié riki ladjeng lebak karèt, alias kar-karèt. La jèn mekaten kita ladjeng findak dateng poendi, poenapa boten ladjeng ge-Delied oetawi ge-Lampogd.

Bok inggih dipoenentosi kéma-

### WARA - WARA.

Lengganan ingkang taksih kagoengan toenggakan taoen 1929, kasoewoen kanti sanget kersaa énggal ngloenasi sareng lan arta lengganan kwartaal I taoen 1930; déné ingkang boten kagoengan toenggakan inggih kasoewoen kersaa maringi arta lengganan kwartaal I taoen 1930, awit badé wonten éwah-éwahan:

mriksanana katja kalih:

won, idep-idèp bèn rada sabar, moempoeng sasi pasa. Géné béndjangingipoen Eropa jektos mirah karèt, kadjengipoen malah keleresan. Wit-witipoen ing kebon karèt kantoen moeboeti kémawon, sitiipoen ladjeng dipoensabin, mangké rak medal pantoenipoen. Jèn pandjenengan ngemohi pantoen, mangka béndjing panèn oewos melik, koela ta sampoen ingkang nebas. Manawi djelèh pantoen, dipoensloendingi sata, mangké rak kénging kadamel rokok. Sa-awon-awonipoen sata makaten inggih taksih nama sata, nak disodot, rasané rata. Inggih leres sata Djawi sadjak radi ampeg, nanging saking roemaos koela tinimbang oedoe karèt, jak, apa ja jaja ijoengé? Inggih leres karèt poenika semegrak, ning tenan.

dul. Itoedija.

#### WANGSOELANIPOEN KARANGAN "AROEM-DALOE, NING TENAN"

Kaleresan, déné Redaksi maringaken karangan „Aroem-daloe, ning tenan” sadèrèngipoen kapatjak ing Sw. Tam. dateng koela, perloenipoen soepados kaemota sareng-sareng kalijan wangsoelan koela.

Koela bingah, déné karangan koela kawaos ing satoenggaling consulent, nanging djeboel consulent ingkang pitipoen sampoen sroetoel ontèlanipoen, dados kowal-kawil, meksa halloes, mlèsèd-mlèsèd kémawon. Bok moendoet pit énggal! Tegesipoen: bok sampoen awatak nglokro makaten!

Tijang Djawi (Indonésijah) namem karèt poenika perloenipoen poenapa? Poenapa badé kateda? Inggih, nanging déné karèt ipoen. Sekoelipoen ingkang kateda. Sagedipoen angsal sekoel, toemrap tetijang waoe boten sarana nanem pantoen, djalaran le bokmanawi siti ngrikoe

**RETRÈT.**

Béndjing sijam ing Moentilan badé ngawontenaken retrèt mawi basa Djawi. Wiwit tanggal 24 Februari (Senèn Sonten) doemoegi 27 Februari. Wragadipoen f 3.—

De Rector  
 van het XAVERIUS - COLLEGE.

pantjen boten kénging kasabin oetawi 2e kénginga kasabin, namoeng medal sakedik, ngantos karoegen. Sinten ta tijangipoen ingkang remen karoegen? Dados tijang namem karèt waoe siripoen: bisaa pepajon, batiné akèh, tjoekoop kanggo njandang-mangan.

Tijang namem karèt poenika temtoe ngedalaken wragad, bokmanawi saking anggenipoen njamboet. Jèn karèt ipoen boten padjeng oetawi padjenga inggih kanti roegi, rak saja ketèkèng-tèkèng. Oetangé rèndèl, sing dipangan ora ana. Poenapa poenika boten nama katiwasan? Sampoen ngantos poepoer sasampoenipoen bendjoet!

Manawi wonten pabrik sigaret

margi karèt ipoen boten njoekani pamedal.

Mangga sadèrèk „dul Itoedija” koela atoeri pados réka mitoeloengi bangsa kita.

Jèn Kober.

### KOEROE SÉTRA.

#### NENGENAKEN SERAT KABAR!

Doemoegi titi sapoenika saja santer pangadjak ngagengaken, nengenaken serat kabar. Boten namoeng ing kalangan Kath. kémawon, nanging sanadjan ing kalangan sadjawing Katholiek oegi saja santer pambe- ngokipoen, dalasan Bintang Timoer inggih mbengok sarosanipoen soepados pers Indonesia sami dipoen- agengna. Ing kalangan kita Katholiek pijambak, inggih ing Sw.T. inggih ing S. K. oegi wonten vergadering ing poendi-poendi panggénan tansah kapireng pangadjak ngagengaken seraf kabar kita. *Mongkok raosing manah koela jèn mireng kados makaten poenika! Mila sampoen samestèni- poen kita kedah sami nengenaken dateng seraf kabar.* Mila seraf kabar poenika dedamel lan bétènging golongan. Sinten ingkang badé oeng- goel, kedah gadah koran ingkang menangan. Seraf kabar pantjen preloe sanget toemrapping wonten donja poenika. Pantjen mas bèi Sastrapan- nitya oetawi njonjah Pers ingkang ngemoedèni lampahing donja (Tam- tama Dalem Dèwi Marjiah December 1929).

Koela roemaos goemoen, roemaos éman manawi wonten sadèrèk ing- kang gadah pangalih: Sw. T. lan S.K. didadèkaké sidji baé bandjoer digawé dagblad mlajoé. Sadèrèk, koela atoeri sa- bar sawatawis. Koela atoeri mangga- lih ingkang pandjang, sampoen agé<sup>2</sup> damel poetoesan. Sampoen mastèk- aken barang ingkang dèrèng wonten wangsoel malah ngémana dateng bar- ang ingkang wonten, awit barang ingkang sampoen wonten poenika adjipipoen langkoeng ageng tim- bang barang ingkang dèrèng wonten ..... *beter iets dan niets!* Lan sampoen kagoengan panginten jèn dagblad Mladjeng satoenggal poeni- ka sampoen kadjekapaken betah kita! O noewoen kabarpisan dèrèng. Kad- jawi ngèngeti kabetahan warni-war- ni kita kedah ngèngeti kekijatanipoen tijang satoenggal - satoenggalipoen inggih toemrapping finansièl lan ontwikkelingipoen. Boten sadaja ti- jang saged oetawi poeroen nebon dagblad. Inggang makaten poenika kita inggih ladjeng betah: 1 Seraf kabar padintenan. 2 Seraf kabar minggon (saminggoe kaping kalih oetawi tiga) 3 Seraf kabawoelanan (sawoelan kaping kalih). Ing ngriki koela boten preloe njongoelaken, jèn ing nagari Walandi wonten dagblad pinten-pin- ten, samanten oegi weekblad lan maandblad boten kantenan tjatjah- ipoen; boten perloe koela mendet oepami ing tanah Inggris, Amerika; ananging sampoen tjekap margi sa- king kawontenan poenika ladjeng mastani jèn kita betah sanget dateng wontening seraf kabar poenika. Tam-

\* Inggih. Consulent: raadgever, saking temboeng Latin consuléré.

W. K. MOENTILAN.

Kala tanggal 22-1-'30 W.K. Moentilan ngwontenaken pepanggihan minangka pamitan kanggé warganipoen ingkang badé pindah, inggih poenika:
1. R. Ng. Andréas pindah dateng Malang.
2. R.A.A. Hadwidjana pindah dateng Betawi.
3. Mevr. T.M. Poespawihardja pindah dateng K. Tjoempleng.
Watawis djam 5 sonten, sasampoening warga sampoen sami pepak (± 50), poenapadéné segahan sampoen tjoemawis, panitraining W.K. i. p. Mevr. C. Siswahadisoebrata lajeng sosalah ngatoeraken soemedoting manahipoen W.K. tinilar prijantoen tetiga poenika. W.K. soemedot tinilar R. Ng. Andréas Marta Atmadja, djer pandjenenganipoen komisaris W.K., toer anggènipoen dadalem wonten Moentilan sampoen 30 taoen, toemoet tjakal bakal adeging Missie Moentilan, Semanten oegi tinilar R. A. Adiwidjana dateng Betawi. W.K. inggih roemaos kontrang-kantringan; langkoeng-langkoeng manawi ngraosaken pandjenenganipoen lan poetra-poetra mentas kémawon sami gerah. Tinilar Mevr. Poespawihardja, .... W.K. inggih kontjatan daja malih, djer Mevr. Poespawihardja poenika komisarisipoen W.K. oegi. .... Mevr. Poespa atas asmanipoen prijantoen tiga kaseboet ngatoeraken genging panoeuwen dateng W.K., poenapadéné ngatoeraken poedya basoeok amrih widanipoen W.K. Moentilan. .... \*)

Pangreh W. K.

K. W. NGAJOGJAKARTA.

Parepatan tanggal 1-2-'30 wiwit djam 7.30 doemoegi 9.30 wonten dalemipoen sadèrèk Oetaja. Poatoesan ingkang preloe:
1. Najogjani oesoel pangreh P.K.W. bab Sw. T. 2. Pilihan pangreh. Sad. Soegiri, Soegija, Padmawijata (Voorz., secretaris, penningmeester lami), kapilih malih: kaleng-gahanipoen tetep kados soewaoe. Semanten oegi komisaris C. Darmadihardja, lan D. Soetana, inggih katetepaken malih. Namoen, komisaris Rm. Jama, lan F. Oetaja, kagantos: I. Siswasoebrata, lan A. S. Dwidjasaraja.

(Verslaggever.)

PAREPATAN WARGA PANGREH "K. W." ING BLITAR NALIKA TANGGAL 30 JANUARI 1930, WONTEN DALEMIPOE C. J. SINDOEPERWATA.

Warga pangreh pepak, namoen penningmeester ingkang boten rawoeh, toer tanpa paring kabar, mila ndadosaken radi ewed, djalaran lajeng boten saged ngrembag bab arta kanggé oatoesan.

Déné ingkang karembag:
I. bab Oatoesan: Pangreh netepaken woereng, djalaran:

- a). Tanggaling kongres P. K. W. boten wonten ing dinten liberoan, inggih poenika tg. 16 Maart 1930. Mangka ingkang dados oatoesan prijantoen goeroe ingkang colleganipoen namoen satoenggal, dados oepami katilar kewedan.

(Saking panjoewoenipoen K. W. Blitar dateng ingkang wadji, soepados bédjng jèn wonten kongres malih, nggaliha dinten liberoan Sijam, amargi warga K.W. ingkang njamboet damel wonten goepemèn inggih katah, kang mangka liberoepoen ratjak wonten ing woelan Pasa; soepados katah ingkang sami rawoeh ing kongres, ingkang ndjalari renggipoen).

- b). Kagalih kasipoen K. W. derèng kijat.
II. bab panjoewoenan Pastoe mligi kanggé tijang Djawi. Ingkang kanggé alasnipoen: tijang Djawi Katholiek sampoen k a t a h.
III Panjoewoenan soepados kawontena Kerkraad.

IV Ngrembag bab sekolahan kanggé Missie ing Blitar.

V Badé ngabsahaken: Notulen: Spaarclub.

Sadaja poenika badé karembag bédjng tg. 9 Maart 1930, wonten ing parepatan warga.

Toehoorder.

PAREPATAN K. W. AFDEELING GANDJOERAN.

Nalika tanggal 30 Jan. 1930 K.W. kasebat ngwontenaken Parepatan taenan manggèn ing Soos. Margi saking rendeting lampahing serat oelem, andjalari sakedikipoen para warga anggènipoen sami rawoeh. Goenggoeng kempal wonten warga 18 (kalijeng bestuurleden), tamoe kakoeng poetri 6.

Djam 9 parepatan kabikak déning Pangarsa kanti tata tjara kados adad. Sasampoenipoen Pangarsa matoer noewoen dateng rawoehipoen para warga, sadèrèk secretaris maos notulenipoen parepatan warga (Panitya) ingkang kapengker; sareng sampoen kawewahan kekiranganipoen wasana notulen kaanggep absah.

Sadèrèk Hartaka anggijaraken kawontenaning arta, inggih kapanggih berès.

Sadèrèk secretaris maos serat saking pandjenenganipoen rama administrateur Sw. Tama ingkang isi soeraos soepados K. W. poeroena toemandang moendoeti arta lengganan saking sadèrèk ingkang abone Sw. Tama. Poatoesaning rembag bestuurung K. W. boten kawratn nindakaken padamelan waoe. Lan para lengganan inggih sami sagah njasi samangsa kapoendoet. Ingriki sadèrèk Mc. Soemaatmadja, binantoe sadèrèk G. Hardjasoemarta lan F. Padma sami nawekaken Sw. Tama.

Wasana wonten lid satoenggal ingkang karsa dados lengganan.

- Pilihan pangreh énggal. Ingkang kapilih:
1. F. J. Padma-Jatiwara Pangarsa.
2. G. S. Hardjasoemarta Moeda pangarsa.
3. R. Wignjasoebrata Panitya
4. A. Martaatmadja Hartaka.
5. Mc. Soemaatmadja Djoeroe noepiksa.
6. C. Soegija Djoeroe noepiksa.
7. Panggih. Djoeroe noepiksa.

Oesoel dateng kongres P. K. W. „Nihil.“ Déné ingkang katoetes toemoet kongres: F. J. Padmajatiwara, Mc. Soemaatmadja, G. S. Hardjasoemarta. Oatoesan namoen kabektanan „Vrije mandaat.“

Ing wasana djam 11.30' parepatan katoe-toep kanti tata-tjara katholiek. Gandjoeran: 3 Februari 1930.

P. Jat.

\*) Sosorahipoen panitra, tjekap koela tjekap kados ing nginggil. Sampoen dados panggali. Red.

KRING BANDOENG SAJA NGGRENGSENG.

Sadèrèngipoen koela ngandaraken kawontenaning kring Bnd. kalilana koela njambeti serat saking Betawi ingkang kalampiraken ing Sw. T. No. 4, 24 Januari poenika.

Menggah wontening sadèrèk ing Betawi, nitik glagadipoen ing wekdal sapoenika, kados derèng kijat ngwontenaken pak. P.P.K.D. oetawi K.W., djer sadèrèk ing Betawi derèng katah ingkang djempolan-djempolan.\*

Manoet ingkang kagijaraken wonten ing H.I.S. blad No. 12 jaargang '29, koela wani jakin jèn sadèrèk ing Betawi, badé toemoet ngwontenaken tjabang V.L.S. kados ing Bandoeng. Lo, rak inggih makaten ta sadèrèk Weltevreden?

Soekoer, soekoer, koela namoen ngeploki saking katebihan, mangga toemoenten kawiwitana, lan berdamia kalijan pangrehipoen V.L.S. p/a Bijz. H. I. S. Magelang.

—o—

Bab verslaging pepanggihan wonten ing Tjimahi poenika, koela boten nggijaraken wonten ing madyaning taman riki, djer para maos temtoe sampoen oeninga pijambak wonten ing verslag ingkang poengkasana, babagan Begravenisfonds afd. Bnd. Inggih poenika, saking kentjenging padoea Rama de Rooy, sadèrèk ing Tjimahi kersa ngangseg dados satoenggal kalijan fonds ing Bandoeng.

Warga ing Tjimahi wonten 63, déné ing Bnd. namoen 24; émanipoen sadèrèk 63 waoe, kita Bandoengan derèng wani ngajati ngwontenaken propaganda V.L.S., djer ratjak sadaja sadèrèk militair saking Menado, dados ragi nggadahi manah pakèwed; saking sakedik kémawon, alon-alon waton kalakon!

Ing ngriki koela namoen badé ngatoeraken ingkang pantes kapireng, inggih poenika prakawis entree dalah contributienipoen.

Kanggé sadèrèk Burgur, dados kados warga ing Bnd. Ingkang kagoengan pamedal f25 minggah, kakedahaken mbajar entree 10% nipoen, mawi minimum f1, semanten poenika kénging katjijil kaping sekawan.

Déné Contributie, kagem warga i.k. sampoen krama, kakéngingaken 1 1/2% ning pamedal, mawi minimum f0.15, lan minimumipoen f 1,50.

Warga ingkang derèng krama, kakéngingaken 1% ning pamedal, mawi minimum f0.15, lan maximumipoen f1.50.

Wontening arta entree dalah Contributie kagem sadèrèk militair ragi kabéda, inggih poenika:

- Entree: a. Militair limrah f1.—
b. Koperaal f1,50
c. Sergeant titulair f2.—
d. Sergeant f2,50

Contributienipoen:
a. Militair limrah f0,30
b. Koperaal f0,50
c. Sergeant titulair f0,75
d. Sergeant f1.—

Toetoepan boekoe woelan Januari poenika, arta kasampoen saged nglempak f132,76; déné i.k. f100.— sampoen saged kalebetaken wonten ing Bank.

—o—

Menggah wontening V.L.S. kring Bnd, wiwit woelan September doemoegi Januari poenika kita sampoen saged njaosaken: (kintoen)

- September f 8,37
October f 13,12
Nov. f 9,40
Dec. f13,78 poenika

kalijan arta kas voor het eerste priesterfonds.

Jan. f10,05

Dados nitik wontening arta poenika kring Bandoeng, saestoe ragi katingal nggrengsengipoen.

Ing ngriki koela embèli sakedik toemoedjoe dateng sadèrèk ing Betawi, djer ing Betawi ingkang saweg bribik-bribik badé toemoet madjeng, kersanipoen madjeng babar pisan.

Sadèrèk, poenapa pandjenengan sadaja sampoen toemandang, ngréntjangi tetoeloeng, kasangsaran i.k. sinandang déning sadèrèk ing Manggarai Flores?

Mangga koela atoeri ngajati oegi, margi poenika oegi boten wonten itjalipoen. Gotrah Katholiek Djawi kidoel wétan pandjenengan ing Parèdèn sampoen ngroemijini.

Woesana koela ambali sepisan engkas: sadèrèk ing West-Java, soemangga sampoen rangoe-rangoe, énggal toemoentena ngangseg saged-sagedipoen.

taklim: BANDOENGAN.

\*) Senadjan derèng katah djempolan, manawi wonten satoenggal kémawon, ingkang saged lan kersa noentoen, temtoe badé toemandak. Katah djempolan, nanging nglokro, tanpa padèah. Red.

1. Jèn kagem ing panggalihipoen para Bestuurung P. K. W. lan P.P.K.D. toewin para kadang Kath. sadaja (ingkang sampoen dados warga) salah satoenggalipoen pakempalan kita, sageda gadah kasandoengan ingkang dipoentjirèni (mawi nama) MARDI-DARMA.

Isinipoen noen inggih saking para warga. Preloenipoen: kanggé soembangan samangsa-mangsa jèn wonten kadang ingkang kasangsaran ingkang boten katemaha (kanjanaanjana) kados déné sad. ing Manggarai, Flores, dipoensoemangga saking poenika kémawon.

Jèn kasampoen kalong, dipoenisènanalah malih ngantos djangkep wetah kados waoenipoen. Oepami waoenipoen isi f500 kalong kanggé dana f100 poenika ingkang medal f100 waoe, narika ratjak dateng para warga, loemantar tjab. K.W. oetawi P. P. K. D.

Rak sampoen langkoeng 500 ta, kadang kita Kath. Djw. ingkang saged damel réka makaten poenika? (Koela roemijin naté njerat bab intilan, nanging boten wonten ingkang roedjoek tandanipoen ing Sw. Tm. oetawi S. K. boten wonten ingkang . . . . . doemoegi sapriki).

2e. Gadaha afd. spraarkas, soepados para warga boten oesah bajaran contributie, tjekap saking rénten kémawon. Katahipoen katetepna sawoelan f . . . doemoegi . . . taoen. Jèn sampoen x taoen, badé lajeng oetawi kèndel mana soeka. Loemebeting tjèlèngan srana nitil kadamela oenda-oesoek. Oepami: bajaran 1 woelanipoen f300 a f10, f250 a f7,50, f200 a f6,75 f150 a f5, f100, a f3,75 makaten sapitoe-roetipoen.

Kadjawi rénten kalong kanggé Contributie sadaja taksih dados darbèkipoen spaarder. Jèn ngadjal wangsoel dateng warisipoen. (Anak, anak angkat, adi, adi angkat, oetawi adi toenggil bjoeng jèn boten gadah sadèrèk sanès) sadaja graad teteng.

Jèn warga boetoeh mretek, tjèlèngan sampoen semanten, mangka kepeksa njamboet, oepami badé damel grija kakirangan wragad, poenika kéngihga njamboet semanten, nanging kedah lajeng nitil a

woelan semanten. Mawi rénten 3%, soeda babon soeda rénten, b. v. f100 nitil 1e. f10.30 2e. termijn f10,27 sateroesipoen doemoegi loenas.

3e. Sw. Tm. lan S. K. jèn dados dagblad, kadamela 1 taoen a f12. Warga K. W. lan P. P. K. D. kamajarna sawatawis.

Redacteur sageda angsal toelage. Jèn preloe ngemoengna ngemoedèni Courant poenika kémawon, tampia bajaran ingkang moerwat.

Sagedipoen makaten kedah gadah DRUKKERIJ pijambak, angrékaa saged damel aandeel a f10.— 1000 idji poenapa 2000 idji, kénging katoembas oegi ingkang dédé kaodem Kath.

Manah kirang pitados, kasingkirna, sampoen kwatosan. Sampoen ngengak-oengak ingkang sampoen kawoeri. Déné poenika Drukkerij P. P. P. H. ènget koela ngloengsoer nggentosi P. G. H. B. kok inggih sempoloer doemoegi sapriki. Pindah Bandoeng meksa djombrot, ambroek, kalijer sanès manawi boten mogok.

4e. Warga K.W. oetawi P.P.K.D. ingkang boten gadah STATUTEN LAN HUISHOUDELIJK REGLEMENT poenika saminipoen laré sekolah boten gadah boekoe wasoan, étang sapanoenggilanipoen, sapetilpetila. Mila, ingoedia sadaja warga gadah njatoenggal. Limrahipoen tampi gratis.

Katerangan bab goenanipoen boten oesah koela djèlètrèhaken, nadyan boten sami lan pikadjeng koela sampoen MASTI ngretos pijambak bab padèahipoen poenapa.

5e. Sw. T. oetawi S.K. kaisènan oegi dongèng oetawi tjrijos ingkang tjekap tjekap, nanging loetjoe nggoemoedjengaken, ning boten saroe. Kados oepaminipoen: „Wonten sopir nambal ban wonten sapinggiring margi boten antawis dangoe, wonten tijang kaki-kaki tekenan, keteklik-keteklik mrikoe, anoenten pitakèn, „Ja génè banmoe déné kok bedah?“

Sopir mangsoeli songol: „Dientoeptawon.“

Sampoen ngaso roemijin ngrokok. Poen Djamboel wanen.

VAN LITH-STICHTING.

POENAPA woelan poenika Pandjenengan sampoen AMBAJAR Contributie V. L. S.?

BESTUUR V. L. S. BIJZ. H. I. S. MAGELANG.

Éwah-éwahan.

Wiwit tanggal 1 Maart ngadjeng poenika Swara Tama lan Soeara Katholiek madeg pijambak-pijambak, dados kalih-kalihipoen kapisah ing sadajanipoen.

Pramila wiwit wedal poenika prakawis lengganan inggih kapisah; sinten kémawon saged dados lengganan salah satoenggaling serat kabar kekalih.

Lengganan ingkang sampoen maringi arta lengganan 1 taoen, 1/2 taoen, 1/4 taoen inggih taksih tapi Soeara Katholiek dangoenipoen 1 taoen, 1/2 taoen lan 1/4 taoen.

Lengganan Sw. Tm. ingkang tanggal 5 Maart derèng maringi arta, boten badé dipoenkintoeni Soeara Katholiek wiwit woelan Maart.

Reginipoen Sw. Tm. taksih adjeg kados roemijin f6 sataoen; adrès oegi taksih lestantoen. Déné adrèsipoen Soeara Katholiek:

Soeara Katholiek Redactie Administratie } P. P. K. D. - Kantoor Koemendaman Djokja.

Poenika dadosa pamirsa.

Red. en Adm. S. K. Red. en Adm. Sw. Tm.

SERAT KINTOENAN.

Poenapa pandjenengan inggih makaten?

B. Poendi kamas angsal-angsalipoen anggènipoen tindakan nembé poenika?

A. Boten saged ngatoeri poenapa-poenapa dimas; namoen badé ngatoeraken kabar saé.

Késah koela poenika perloe toewi kantja koela lami. Koela goemoen ingatasipoen blandjanipoen boten patos katah; nanging katingal anggènipoen ngemen-emenaken pam-

bantoenipoen dateng jejasan Kath. Tjobi kagalih.

a. Sw. Tm. lengganan; toer nama noenggak jatra lengganan dipoen-singkir sanget. Menawi gadah kaperloean oepami: pindah adrès; gadah anak, mesti kakabaraken ing Sw. Tm. Abijantoe karangan ing Sw. Tm. inggih ragi kerep.

b. Tamtama Dalem Dèwi Marjah; pambajariipoen jatra lengganan sabèn taoen inggih boten naté kesoepèn.

c. Roekti - Woeri; sanadjan anggènipoen nglebeti boten katah, pijambakipoen inggih sampoen dados warganipoen.

d. Van Lith - Stichting; Contributie sabèn woelan tamtoe kamanah saestoe.

Soemangga kagalih samanten kabregasanipoen kantja koela waoe. Mangka koela poenika Sw. Tm. kémawon pambajariipoen manawi sampoen wongsal-wangsoel kaengetaken Sang Administratie.

B. Wah. La poenika nama tijang Kath. saestoe. Oepami pamedalipoen radi mèmper sakedik malih, koela kinten saja montjèripoen. Djalaran ingkang mesti lenggananipoen lajdjeng tambah malih: „De Koerier“; „Kath. Illustratie“ oetawi sanèsipoen taksih katah.

A. Manawi kémawon inggih makaten. Nanging sadjatosipoen prakawis makaten poenika boten goemantoeng dateng blandjanipoen; ingkang perloe krekatipoen. Djalaran koela inggih sampoen naté njowoen priksa sadèrèk Kath; ingkang pamedalipoen sampoen langkoeng saking tjekap, sampoen djoemeneng Schoolopziener. Makaten atoer koela: „Poenapa pandjenengan sampoen dados warganipoen: „R.W. kalijan V.L.S.“? Sapinten tjowaning manah koela déné wangsoelanipoen derèng sadaja. Ngen-dikanipoen makaten: „Prakawis dados warga R.W. badé koela srantosaken roemijin. Mangké menawi sampoen katingal madjeng, koela saweg loembebet. Kanggé warga V. L. S. koela boten tjotjog, déné katamtokaken apes 10% ning blandja; tik mawi saben woelan. Ingkang blandjanipoen sampoen radi katah rak radi nggrendjel.“

Mangga dipoen-galih!

P. T. T.

Pastoeran Bara (Kalibawang). Sam. W., njerat makaten: Koela mireng kabar, sawatawis woelan engkas pandjenenganipoen Rama Pastoer Prenthaler ing Mendoet badé pindah dateng pastoeran énggal ing Bara. Bara lan Kalibawang tjalon dados parochi pijambak, boten toemoet parochi Mendoet.

Kanggé Missie ing tanah ngriki. Béndjing Djoeni badé wonten Imam Carmeliet angadjawi kanggé Missie ing Djawi Wétan.

Pandjenenganipoen Zuster Orde v.h. H. Hart van Jezus, asma Margareta, Theresia lan Augustina, béndjing tanggal 21 woelan poenika tindak saking Nederland dateng Missie ing Soematra-Kidoel.

Papatjak kanggé Missionaris.

Ngarsa dajem I. S. Kg. S. Rama, sawatawis woelan kapengker andawoehaken dateng para Missionaris:

1. Para Missionaris kedah boten anggandoeli kabangsan. Nationalisme tetep sapoe kawat (geesel) ingkang damel sangsaraning pakarjaning Missionaris.

2. Sinten ingkang makarja kanggé Pangéran (-Missionarissen-) boten kapareng tjawé-tjawé barang donja. Djer dawoeh Dalem Goesti Jésos: „wong ora bisa ngawoela bandara loro babarengan.”

3. Para abdi Dalem Pangéran kedah satoenggal manah, gagasan, lan actie-nipoen. Wawadosipoen kadoemoegéning sedyo poenika doemoeng wonten ing roekoen, manoenggal.

Dinten ingkang pantes pinèngtan.

Osservatore Romano soeka ringkesan dinten-dinten ingkang pantes

pinèngtan ing salebetipoen taoen 1930.

21 Februari (mèngeti sédanipoen S. Benediktos XIII † 1730; lan I. S. Kg. S. Rama Honorius II † 1130).

16 Mei (mèngeti S. Alfonsus ing Liguori anggènipoen winisoeda dados Soetji: 1830).

12 Djoeni (mèngeti kala 1630 I. S. Kg. S. Rama Urbanus VIII mate-dakaken nawala paring seseboetan „Eminentie” dateng para Kg. Kardinal.

12 Djoeli (mèngeti djoemeneng dalem I. S. Kg. S. Rama Clemens XII (1370).

28 Agoestoos (sédanipoen S. Agoestinos: † 28 Ag. 430).

28 November (mèngeti sédanipoen Kg. Kardinal Thomas Wolsey kanselier dalem Hendrik II, nata ing nagari Inggris: † 1530).

30 Nov. (mèngeti séda dalem Pius VIII).

Missie Djawi ing Suriname.

Tetijang Djawi ingkang njamboet damel kanggé preloening kaboedidajan ing ngrika, saja katah, kirang langkoeng sampoen wonten 30.000. Margi makaten waoe Missie ing ngrika toemandang sengkoet.

Inkang dados pangagenging Missie-Djawi ing Suriname waoe, pandjenenganipoen P. Ahlbrinck. Ing ngrikoe sampoen wonten goeroe-Agami Djawi. Ing Maliapur sampoen dipoenedegi internaat Kath. kanggé laré-laré djalar Djawi.

Sakedap malih inggih badé dipoenwonteni internaat kanggé laré-laré éstri Djawi. Kadjawi poenika, ing distrik Para boten tebih kalijan kita Parimaribo, dipoenwonteni sakolahan.

KABAR O E M O E M. INDONESIA.

Pamedal gendis ing tanah Djawi.

Dr. H. C. Prins Geerlings amé-tang pamedalipoen gendis tanah Djawi: taoen 1929 wonten 362.700.000 roepijah; kala th. 1928: f 410.575.000. Dados soedanipoen meh 48 mlijoen roepijah. Kawontenan makaten poenika boten namoeng dados sasanggènipoen kaboedidajan gendis ing tanah Djawi kémawon; oegi badé toemoet karasaken djagad economie ing sa Indonésijah.

Katoendoeng saking Indonesia.

Goeroe ngélmoe poenapa kados-poendi nama mr. Chow, medak saking Hongkong dateng tanah Djawi. Anggènipoen mriki ngakenipoen preloe pados arta kanggé adeding pamoelangan loehoer ing Tiongkok. Anggènipoen pados arta waoe sampoen angsal kinten-kinten 10 éwoe, .. ladjeng wonten resisir saged ngonangi mr. Chow waoe djeboel goelet sanget gandèngipoen kalijan Ir. Soekarna. Margi makaten waoe Goepnoer Djawi Kilèn manggalih amrih mr. Chow boten dangoe-dangoe wonten ngriki. Mila ladjeng kawangsoelaken dateng nagari Tjina... (Tanah Indonésijah anker, sadèrèk, sampoen ginagampii! Red.) Het Nieuws.

Pabrik mretjon katoetoep.

Pabrik mretjon ing Gadang (Malang) ingkang kirang langkoeng kalih-tengahan taoen kapengker ndjebloeg damel tiwasipoen djiwa kalih welas, ... sapoenika dipoentoetoep déning Residèn Malang. Anggènipoen katoetoep poenika, margi nalika kapriksa tétéla anggènipoen njampoeri obat mawi chlorascalicus (K. C. 103). Mangka tjampoeran makaten poenika dados awisan, lan pabrik waoe inggih sampoen kerep kaèngtaten. Tjampoeran K. C. 103, poenika gampil saged ndjebloeg, moetawatosi toemrap gesangipoen koeli-koeli lan tetijang sakiwa tengenipoen ngrikoe. Ingkang gadah pabrik kasereg ing pangadilan. (Soer. Hdbid.).

Pamoelangan énggal.

Wiwit 1 Djoeli sakolahan Mulo ing Semarang (gadahanipoen Vereniging School met de Bijbel), lan Muloschool Bandoeng (gadahanipoen R. K. Kerk-en Armbestuur ing Bandoeng), sami pikantoeke soesbidie. Ing tapoeiking taoen sakolah 1930/1931 ing Djember lan Padang Sidempoean badé dipoendegi Openbare Mulo-afdeeling der Algemeene Middelbare School.

Dipoenawisi moelang.

Sambet kalijan preloening karentreman oemoem, Paréntah ngawisi sarta njowak wewenangipoen moelang sadèrèk Rudolf Radjiman Jasasodarma, sarta sadèrèk Kadarmasman. Kalih-kalihipoen sami goeroe pamoelangan partikelir Wijata Tjahja ing Semarang.

Ambachtsschool ing Pédan.

Katjarjosaken béndjing 1 Djoeni ing Pédan (Klatèn) badé dipoenwonteni pamoelangan krija déning Zending ing Soerakarta. Kanggé sawatawis wekdal namoeng moelaningaken pérangan tosan. Kepala-nipoen bangsa Djawi ingkang sapoenika taksih sinaoe wonten Semarang (Sedyo Tama).

Soesoeloeh doesoen.

Saking ichtjaripoen ingkang Boepati toewin Ass. Resident ing Sragèn, sabijantoe kalijan Inspecteur Onderwijs ing Ngajogjakarta, ing Sragèn dipoenwonteni pakempalan nama Soesoeloeh doesoen. Pakempalan poenika waoe sedyanipoen ngadjengaken sakolahan doesoen, sarana ngedegaken sakolahan-sakolahan doesoen wonten ing panggènan ingkang kamanah preloe. (Sedyo Tama).

Standplaatstoelage.

Papan-papan ingkang kaseboet ing ngandap poenika katjetet pikantoeke standplaatstoelage (10% maximum f 50): Separong, Pendjalai, Tandjoengsamak, Tandjoengkedaboe (gewest Soematra Wétan).

Pangiridan taoen 1930.

Boten patos saéning kawontenan financieel-ipoen Opper Bestuur ing Nederland, tjalon anoemoesi begroeting Indonésijah. Manoeet pamirengipoen De Koerier, kinten-kinten kémawon gewone dienst badé ka-irid 6 mlijoen roepijah buitengewonen dienst 8 mlijoen roepijah. Mitoeloengi poelisi lan wadyabala.

Aneta njarijosaken ing Médan tjalon wonten weerbaarheidscorps ingkang sedyanipoen mitoeloengi poelisi lan militèr samangsa-mangsa wonten resesah.

P. G. H. B. Ngajogjakarta.

Parepatan tanggal 31 Djanowari. Poetoesan ingkang preloe: 1. Boten njaroedjoeke oesoel Verbondsbestuur bab koersoes-koersoes kanggé nggajoe pangkat Schooleopziener, lan panggajoe bab speciale bijacten toemrap goeroe-goeroe V.I.O. Awit kamanah koersoes-koersoes poenika tanpa teges; kénging kasoeraos politiek ngirid waragad. Kadjawi poenika: P. G. H. B. oesoel makaten poenika saminipoen ngengèl-éngèl lakoéné déwé; djer kados kawontenan samangké kémawon sampoen kénging kanggé anggajoe pangkat waoe kok ndadak njowoewon wontening palapoeing koersoes anoemoem. ... Aloewoeng sakolahan kémawon ingkang dipoendadosi, kanggilaken woelanganipoen. 2. Prakawis onderwijs kaparahaken dateng provincie, P. G. H. B. Ngajogja ma-toek oeger irih-irih saking sakedik roemijin ... Loemintiring onderwijs

dateng provincie pomika boten saged dipoensélaki, déning poenika dados boentoetipoen pranatan centralisatie dados decentralisatie. (A.S.D.) Malarijah damel pepedjah pinten-pinten.

Sasakit malarijah ngamoek wonten ing distrik Baratlaeot, Timor-laot lan Boender sami bawah Pamekasan. Dokter ing Soemenep lan dokter partikelir ing Pamekasan sami ngedoemaken tablèt lalahanan. Ass. Res. Soemenep moendoet kintoenan tablèt saking Bandoengsche Kininie fabriek.

Wiwit tanggal 30 Dec. '29 - 14 Djanowari '30, ing ond. dist. Pragaan, dist. Baratlaeot tijang ingkang pedjah déning malarijah wonten 150. Wiwit 30 Dec. - 10 Djanowari ing onderdist. Bloeto, ingkang pedjah margi malaria 104 djiwa. Dados sadaja, ing salebetipoen kalih ming-goe 254. ... Tjatjah-tjatjah ing nginggil poenika mitoeroet palapoeran ingkang dateng Goepnoer Djawi Wétan. (Nw. Soer. Courant).

Mataram ingkang medal dinten Senèn poenika, anjarjosaken oegi ing bawah kaboepatèn Adikarta, Wates lan Pandjatan (residentie Ngajogja) inggih kambah pagebloeg malaria anggegiris. Salebetipoen nem taoen poenika, saweg samangké tanah ngrikoe kambah malaria nggegiris kados sapoenika. Ing salebetipoen 3 minggoe ing ngrikoe tjatjahing tijang ingkang sakit malaria tropica lan tertiana wonten 8000 - 9000. Minggoe ingkang kapisan, ingkang pedjah 27 (laré alit 16); minggoe kaping kalihipoen 28 (semanten waoe ingkang laré alit 22).

Déné minggoe ingkang kaping tiga dèrèng kasoemerepan. Para mantri kasarasan sami toemandang ngedoemaken tablèt. Tablèt waoe kadoemaken dateng tetijang pijambak, dados boten lantaran loerah. ... (Sanès panggénan kaatoeran djagidjagi! Red.)

Koeli-koeli ing Soematra Wétan.

Pewarta Deli tjarijos makaten: ... Mitoeroet tjatetanipoen Handelsvereniging, saja dangoe tjatjahing siti-siti ingkang kanggé preloening kebon saja wijar. Kapitaal-kapitaal kebon saja dipoenwewahi, koeli-koeli ingkang kadatengaken saking tanah Djawi saja katah. Tjatan-tjatan ing ngandap poenika, anedahaken kados poenapa saja sesaking kawontenanipoen kawoela. Panggesanganipoen kaodem tani saja kadesek déning dajaning kaodem arta. Ing ngandap poenika tjatetanipoen tanah-tanah ingkang kabikak; katatah koeli-koeli, karatjak ing dalem sahectare:

Table with 4 columns: taoen, Hectare, Koeli kontrak, Kontrakan sa-ben sahectare. Rows from 1914 to 1929.

Tétéla bilih kapitaal mantja ingkang kadèkèk wonten Soematra Wétan saja katah. Taoen 1914 tanah-tanah ingkang kanggé preloening kebon wonten 103.578. h.a. Salebetipoen 14 taoen sampoen tikel tiganipoen i. p. 331.000 h.a.

Manawi karatjak sataoen-taoen-ipoen kebon ambikak tanah 16.244 h.a. Semanten oegi kawontenaning koeli-koeli inggih saja katah, ... éwadéné toewan-toewan kebon sami tjarijos manawi poenale sanctie dipoenitjali, badé angèl sagedipoen pikantoeke koeli. Kita boten goemoen manawi panggesanganipoen kawoela ladjeng sesek sanget, djer siti-sitinipoen katjepeng tanganipoen kebon. ... Déli, negeri Kapitalisten! ...

Bandjir ageng.

Médan 30 Jan. Aneta. Lèpèn Wampoe (ingkang ngetoek ing tlaga Toba, woetah ing satjelakipoen Tandjoengpoera) bandjir ageng. Tetijang ngrikoe sami loemadjenng ngli dateng sanès panggénan. Tanggoel ing ngrikoe wonten ingkang ambrol bedah babar pisan ngantos pandjangipoen 700 meter, ... toja bandjir ladjeng angelebi pakampoengan lan sabin-sabin.

Karisakan pantoen ingkang wonten sabin kémawon, kataksir wonten 15.000 roepijah.

Toja bandjir waoe katoetan batang oelam pinten-pinten.

Paréntah kalijan gendis.

Nalika prof. Treub mriki ingkang kaping kalihipoen, ladjeng wonten tatanan énggal toemrap pamrajogi oemoem abagan panggaotan tatanèn. Prof. Treub anggadhahi panjoewoen soepados manawi Paréntah moendoet rembag prakawis oemoem, kaparenga moendoet rembag kémawon dateng Ondernemersbond; boten dateng badan-babandan ing-

Toewan Pangarsa, Pandjenengan bokmanawi sampoen pirsas, ing Semarang wonten koran kaetjap mawi mesin seratan, anama „Ons School Courantje.” Ingkang ngedalaken Gemeente ing ngrikoe, njoedijani moerid-moerid H. C. S. ing Semarang. Koran waoe kadoemaken lalahanan. Menggah toedjoenipoen:

- 1. Memadjoekan ketjakapan Olanda.
2. Soepaja lebih banyak pergaoelan kita dengan orang toeanja kanak-kanak sekolah.

H. I. S. Moentjan, toewan Pangarsa, sampoen sawatawis taoen peoka angedalaken serat woelanan anama H. (oud) L. (mmer) S. (tand.) Koran waoe kadoedjaken kanggé laré-laré pangkat inggil, lan laré wedalan ngrikoe Basanipoen Djawi kalijan Walandi. Isinipoen: prakawis kasoelian toewin kawroeh-kawroeh oemoem. Ingkang ngisèni: goeroe, moerid lan tilas moerid. Menggah toedjoenipoen nglantoeaken lalajanipoen moerid, (tilas moerid) ngrikoe kalijan goeroe-goeroenipoen. Ing pangangkah soepados boten sami kesoepeñ kalijan poenapa-poenapa ingkang tinampi wonten ing pamoelangan waoe. ...

Malih, ... toewan Pangarsa! Ing Salatiga sampoen sadasa taoen mlampah inggih wonten koran kanggé laré makaten poenika. Namanipoen „Lajang kabogengahan marang para botjah Djawa.” Ingkang ngedalaken: „Salib Poetih.” Isinipoen prakawis kasoekman. Koran waoe bokmanawi kémawon ingkang bakoe kanggé moerid? (laré-laré) Protestant. ...

Ing koran-koran Walandi ngadat mesti gadah „Kinder Courant” kanggé anakipoen para leugganan. Limrahipoen medal ing dalem saminggoe sapisan. ...

Tjekak, ... ing tanah kita wonten koran kanggé laré-laré.

Toewan Pangarsa! Koela manger-tos ing djagad goeroe wonten pangresoela. Ingkang dipoen-angloeh warni-warni. Pasambat kekirangan blandja (babagan nasib) boten koela ngriki. Djer poenika wiwit P. G. H. B. taksih demolan sampoen tinar dangan. Lan doemoeginipoen sepriki inggih tansah dados intjeran. Ingkang koela raosaken poenika para goeroe anggènipoen mrihatosaken moeridipoen.

Pandjenengan mesti inggih kerep mireng reraosanipoen goeroe (kadjeng koela goeroe alit-alit; langkoeng-langkoeng pamoelangan Djawi-), makaten: 1. babagan Onderwijs: angèl mleboené, gampang laliné, ora petjah nalaré; oetawi ... piwoelang kèndèken, temahan ora pajoe dolé, lsp. ... 2. babagan Opvoeding: ... dakgoela-wentah kaja ngana, basan metoe, karo akoe ora sapa aroeh; moersal, sasaminipoen! Digoela-wentah kaja ngana, basan dadi wong, karo golongan goeroe ora ngewongaké! enz... enz...

Toewan Pangarsa! Koela boten mastani bilih sadaja goeroe pamoelangan andap anggadhahi panggrantes makaten! Nanging, koela jakin sanget: ing djagad goeroe pantjen wonten pangresoela makaten poenika! Koela inggih mangretos saged oegi anggènipoen ngantos kataman raos nglangoe, kasakit-sakit waoe, saking lepatipoen pijambak: boten saged nglebetaken piwoelang; boten saged njratèni laré sasaminipoen.

Toewan Pangarsa! P. G. H. B. poenika dados anggangan djagad goeroe! Mila wadajib oegi manggalih itjal-ing (soedaning) kawontenan waoe. Sarananipoen warni-warni. Sarana warni-warni waoe ingkang koela atoeraken ing ngriki satoenggal, i.p. damel koran alit-alitan kanggé waosanipoen moerid-moerid pamoelangan andap.

Kang doemoeginipoen saprikoek taksih pinoendoetan pamrajogi. Dados kados déné moendoet rembag dateng Suiker Syndicaat poenika, namoeng ladjeng toemrap prakawis-prakawis ingkang mligi preloening gendis. Paréntah nglaksanani panjoewoen makaten poenika. Nanging Suikersyndicaat boten mangretos. Mangretosipoen sareng sampoen wonten poetoesan. Mangka Suikersyndicaat boten roedjoeke, déning: 1e. manawi boten saged toes lalajan rembag (pamrajogi) kalijan Paréntah,

Koran makaten waoe, saged andajani rérentjang goeroe-goeroe anggènipoen nglebetaken piwoelang: saged, matengaken piwoelang; saged nglantoeaken lalajanipoen tilas moerid kalijan djagad goeroe; ateges oegi andajani saéning lalajanipoen kawoela oemoem kalijan djagad goeroe!

Wiwit taoen 1920, paréntah Djer-man migoenakaken onderwijsstelsel énggal. Stelsel waoe adadasar: „Durch eine Pädagogik vom Kinde aus; ateges: (anggènipoen damel petjahing nalaripoen moerid) sarana onderwijs ingkang adadasar pangraos lan paningaling laré. Ingkang dipoendésti saben laré sageda bawa pribadi. Moerid-moerid kaangkah sampoen ngantos monat-manoet kémanwon kalijan pamangginghing sanès, boten gadah moga pijambak. Moerid-moerid kedah ngoelinakaken toemindak pijambak, mastani pijambak, damel poetoesan pijambak, kanti toentoenan! ... Tjara makaten poenika pantjen saé: mrantasi; ma-toek kalijan tjalon mbéndjingipoen! ... Margi wontening koran kados ingkang koela kadjengaken ing nginggil, anak-anak kita inggih saged ginoela-wentah makaten (sarana ngarung wonten ing koran waoe, mabeni pamangginghing sanès, mangsoeli pitakénan? oetawi tjangkriman ingkang saged damel petjahing nalar!)

Toewan Pangarsa! Ki Hadjar Déwantara, wonten ing openbare lezing ing Madjoean kala 19 Djanowari ngandakakaken tjatjad-tjatjadipoen laré wedalan sekolahan gagrag Kilèn: boten soemerep tata tjara Djawi djalaran tjoto ing temboeng, kasoesastran Djawi lss.; malih dados Walandi tjitakan; pangling kalijan kagoenanipoen, gandroeng kagoenan ngamantja. ... (vide verslag Sedyo Tama 27 Djanowari) ... Tjatjad-tjatjad makaten poenika, koran kados ingkang koela kadjengaken ing nginggil, ... inggih saged toemoet-toemoet angitjalaken.

Kadjawi poenika, poen laré inggih angsal dedasar seneng maos serat kabar. Mangka pangresoelanipoen kamadjengan Indonésijah djaman sapoenika: tetijang sami dèrèng njokot dateng koran kados bangsa? ing Éropah! ... Tjekak, koran botjah saestoe migoenani!

Toewan Pangarsa! Gagajoetan kalijan wragad, bokmanawi P. G. H. B. boten (dèrèng) saged nglaksanani pamrajogi prakawis waoe. ... Manoeet oesoelipoen Verbondsbestuur P. G. H. B., Persatoean Goeroe soepados kawedalaken kaping 4 (apes 3). Manawi oesoel waoe katampi, poenapa boten saged, kanggé sawatawis mangsa pendak sawoelan sapisan wonten lembaran sawatawis ingkang kadadosaken kindercourant? Déne kindercourant waoe sampoen mesti kémawon woedjoed lembaran pijambak! Koela kinten, golongan goeroe kanti lega anggilakaken lembaran waoe kanggé moerid-moeridipoen. ... Sokoe bagé sèwoe, manawi P. G. H. B. ladjeng damel koran botjah kasadé mirah-mirahan dateng moerid-moerid, dados boten gamblok wonten Persatoean Goeroe. ...

Tjekak prakawis toemindakipoen mangsi borong! Ingkang koela soewoen: P. G. H. B. kaparenga jasa koran-botjah!

Toewan Pangarsa! Doemoegi samanten atoe koela! Sanadyan boten widjang, boten tapis, Pandjenengan mesti sampoen ndoengkap sedyo koela. Koela namoeng loegoe nglantarakan pangresoela saking sawenèhing djagad goeroe, ladjeng koela wewahi pamrajogi kados ing nginggil! Lan, ... manawi wonten karsa Pandjenengan, Patjar-Mérah-ipoen Sw. T. inggih boten wegah toemoet-toemoet ngisèni koran-botjah waoe!

Kumuningsaselé 2 Fr.'30. Taklim: Patjar Mérah.

Poenika Suikersyndicaat ngewatosaken pitoenaning kabethahanipoen. 2. Prof. Treub anggènipoen toemindak makaten waoe, tanpa dipoensamentakaken langkoeng roemijin dateng Suikersyndicaat. Margi makaten waoe, sapoenika Paréntah andjabel poetoesan ing nginggil. Dados sateroespoen Suikersyndicaat badé oegi kapoendoetan rembag toemrap prakawis ingkang ngèngingi gendis pijambak, lan inggih prakawis oemoem ingkang ngèngingi ondernemersbond. (Bat. Nwbl.).

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat **POTONGAN.**

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN**  
**SAË TOEWIN AWËT**  
**INGGIH NAMOENG**  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.

**Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!**

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG**  
**MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.**

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA** mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO** soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

**DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA** tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

**ALMANAK MELAJOE 1930**

soedah habis didjoeal

Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah bisa lebih dari

**40.000**

beloem terhitoeng 40.000 **Volksalmanak** Djawa dan Soenda)

akan tetapi djangan takoet

sebab mengingat keperluan toean-toean jang beloem memesan, **BALAI POESTAKA** soedah moelai tjétak tambahannja Volksalmanak Melajoe

**8000** lagi!

SIAPA SOEKA BOLÈH BELI,  
SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan BESCHUIT - BESCHUIT KERING.**

**SROETOE - SROETOE dan ROKOK - ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja **KOFFIE BOEBOOK**, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL - Djokja.**

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5.75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

**TJËT GILAP wedalan FRIELING model A.**

kanggè ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;  
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

**TJËT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet**

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;  
5 kilo: f 4,50.

**PABRIK TJËT R. B. FRIELING,**  
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Telefoon no. 784.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>8)</sup> 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30.	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Jem ber 7.30.	Medari <sup>6)</sup> 7.30.	Sambas 6 - 8.30.	Tegal <sup>2)</sup> 7.30 - 9.30.
Djokja:	Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
	Jav. 6 - 8.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
	6 - 7.30.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 7.30.	Modjokerto 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	Semarang: 7 - 9.	Wates <sup>1)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30.	Muntok 8.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Kediri 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Palembang 7 - 9.	Soekaboemi 6 - 7.30.	
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30.		

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.  
<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 4e. Achad.

**Singsè damel pedjahipoen tijang woloe.**

Wadana ing Bekasi (Betawi) dèrèng dangoe anjepeng Tionghoa singsè, ingkang damel pedjahipoen tijang woloe margi kasoentik mawi djampi ingkang tètela andrawasi. Djampi waoe samangké sampoen kakintoenaken dateng C.B.Z. soepados kapriksa. (Mila ngatos-atos sadèrèk, sampoen goemampil djadjampi dateng doekoen apoos-apoes. Red.)

**Kamadjenganipoen Kalibawang.**

Sam. W. martosaken makaten:  
1. **Pakempalan goeroe.** Nalika tanggal 12 Djanowari, sadèrèk goeroe sakiwa-tengenipoen Deksa ngadegaken P. G. H. B., warganipoen 30. Warga samanten poenika ingkang Kath. 17. Bestuur-ipoen pitoe, ingkang Kath. 5. Sadèrèk Kath. 17 poenika ingkang moelang wonten pamoelangan Goepermèn 3.  
Kadjawi P. G. H. B., pakempalan P. G. B. lan P. N. S. inggih boten poeroen kantoen. Malah lidipoen P. N. S. mèh sadaja Kath. Lidipoen P. N. S. poenika waoe 9, ingkang wedalan N. S. Moentilan lan Ambarawa 7. Ing ngrikoe taksih wonten wedalan Norma 2, ingkang dèrèng mliebet warga. Sadèrèk waoe kaadjeng-adjeng sanget énggala noetoeti!  
2. **Pagantosan.** Boten ngemoengaken para goeroe kémawon ingkang madjeng. Dalasan tijang pados betah inggih katah, tandanipoen wiwit tanggal 1 Febr. 1930 poenika, Pagantosan Goepermèn kabikak sarana ramé-ramé.  
3. **Padagangan.** Tijang gegramèn tjalonipoen madjeng. Ngarsa dalem I. S. Kg. Soeltan kala 24-1-30 rawoeh ing Klangon (Kalibawang) preloe mriksani kreteg Klangon. Kreteg waoe katah temtoenipoen, dinan-

dosan. Kreteg poenika dados sarananing sambetipoen Kilèn Praga (Kalibawang) kalijan bawah Moentilan, lan oegi dados marginipoen para bakoel saking Kilèn Praga dateng Moentilan, lan kosok-wangsoelipoen.

**Bijoeng wentalan - Baji pedjah kabekta segawon.**

Ing Tjibalage (Tjitjasoengka) wonten tijang tani soemerep segawon wonten sabin ambekta poenapa-poenapa. Sareng soemerep tijang, barang kasèlèhaken, segawon mladjeng ngintar. Dipoentingali, djeboel ingkang kabekta segawon waoe bangkènipoen baji mentas lahir. Pinanggihing oeroesan baji waoe katilar bijoengipoen wonten sabin. Bijoeng ingkang tresna sanget kalijan anakipoen waoe sapoenika wonten tanganing poelisi.

**Koeli Tionghoa damel onar.**

Ing wekdal ingkang kantoen-kantoen poenika koeli-koeli Tionghoa ingkang nggarap margi sepoer gadahanipoen Deli Spoorweg my wonten ing Panehgorang, Adiantorop, Aekkrosik, Aekpaminke, kerep sami damel gègèr, ngrojok mandor-mandor. Tionghoa ingkang katanahan wonten 20, Veldpolitie ndjagi papan waoe (Sumatra Post.)

**King Gillitte, ...**

Sinten poenika? King Gillitte poenika ingkang ngota-atik wontening panjoekoeran modèl énggal awoedjoed blébèkan tipis sanget, landepipoen doemoenoeng kalih sisih. Ing salebetipoen woelan Djanoewari kapengker, K. Gillette wonten Indonésijah andjadjah tanah Djawi toewin Bali. K. Gillitte ambabaden gesangipoen dateng wakil *Anèta*, soeraosipoen makaten: "... Koela

wonten hotel., badé tjoekoer, péso koela ketoel sanget, ngantos kepeksa ngasah. Tjipta koela: péso kaja ngéné iki moeng nggelani... Manawa wong, bisa mabrik pèmès tjilik, tipis, moerah, lan kepeksané jèn wis kanggo kena diboewang, ... méndah apiké, wong-wong sadjagad mesti ora répot déning panjoekoeran kaja ngéné iki... Koela wonten hotel ngrikoe ladjeng metjah nalar, anggamban wonten kertas, ngantos woedjoed kados péso Gillitte kados samangké poenika. Nanging rekaosipoen sapoenika, kados poendi anggènipoen ngedalaken. Taoen 1901 koela saged keklempak arta 5000 dollar Sedy koela, koela laksanakan; manggèn ing kamar alit. Nanging boten wonten tijang ingkang poeroen toembas temahan péso koela ladjeng koela doem-doemaken lalahanan (minangka reclame., Boten dangoe arta samanten waoe telas, ... malah pabrik koela ladjeng gadah samboetan 11.000 dollar. Anggèn koela nindakaken pabrik alit-alitan wonten kamar waoe, kalijan tijang wasis babagan teknik; lan ... ngawontenaken aandeel pawitan 100 000 dollar sarana sadé aandeel 10 000 regi njadasa dollar. Nanging, boten wonten tijang ingkang poeroen toembas ... Margi makaten waoe onderneming koela, koela bibiraken. Dilalah koela sagad pinanggih mitra koela lami toewan Joyce pangageng pabrik gendoel ... , ingkang ngalambana péso damelan koela Mitra koela waoe ladjeng nebas kapitaal - aandeel waoe 60.000 dollar. Nanging, mangké manawi pabrik sampoen nelasaken 30.000 dollar mangka boten madjeng, Joyce badé boten poeroen teroes. Kelampahan sampoen nelasaken 30.000 dollar, kawontenanipoen dèrèng

nglegakaken, nanging mitra koela waoe taksih oeroen neroesaken. Sareng arta sampoen telas 55.000 dollar. Ing ngrikoe saweg kémawon katingal gesang. Wiwit dinten waoe, salebetipoen kalih dasa taoen ing pangraos koela kados boten saged mitoeroeti welingan-welingan saking poendi-poendi. Mangka pabrik koela sampoen mawi mesin-mesin saé toer mlampah rintin daloe. Sapoenika, pabrik koela saben dinten damel péso Gillitte waoe *tigang mlipoen*, lan njepoeh-salaka (vernikkelen) 210.000 idji. Sadèrèkipoen èstri King Gillitte waoenipoen toembas aandeel 2000 dollar, sawatawis taoen kémawon sareng pijambakipoen pedah saged nilari kapénakanipoen èstri kekalih katahipoen 3 1/2 joeta dollar laré satoenggal... Katjarjos toewan King Gillette waoe manawi sampoen saking tanah Djawi ladjeng dateng Bali teroes dateng Hongkong lan Djepang, wangsoel dateng Amerikah malih béndjing Mei.

**MANTJA NAGARI.**

**NEDERLAND. Poetri Juliana.** Kala 31 Djanowari Poetri Juliana winisoeda doktor ing babagan kasoesastran lan wijsbegeerte.  
**ROESLAN-MEXICO. Pasoelajan.** (Moskou 31 Jan. Aneta Reuter). Oetoesan Sovjet ing Mexico kaoendang wangsoel. Déné oetoesan Mexico ing Sovjet wingi wangsoel dateng Mexico.  
**ROESLAN. Awisan dagangan partikelir.** (Moskou 2 Febr. Aneta Reuter). Paréntah Sovjet ngoendangaken tetijang partikelir boten kènging da-

gangàn: barang-barang metaal, tekstiel, pirantos - pirantos chemie lan èlektris, radio, gendis, lisah patra, sareng, rèk, sata, rokok. Ingkang kènging sadé dagangan - dagangan twaoe namoeng nagari kalijan tokooko coöperatie.  
Dawoeh kaseboet nginggil poenika, dados sapéranganing sedyasaking sakedik njoewak padagangan partikelir.  
**DJERMAN. Arta kertas palseo kalijan politiek.** (Berlijn 31 Jan. Aneta Radio). Pradata sampoen tigang minggu mriksa prakawisipoen bangsa Djerman sakawan lan bangsa Georgiers kalih ingkang kadakwa damel arta kertas-Roeslan-palseo. Wonten dakwa kalih ingkang nerangaken anggènipoen damel kertas palseo poenika kanggé preloening politiek, boten kanggé badanipoen pijambak. Wonten ing pabaratan politiek, damel arta palseo poenika barang limrah. Dakwa waoe (Karumidze kalijan Sadatierarchwill) anarangaken **Roeslan pijambak wiwit 1928 moetes ngedalaken arta kertas palseo wedalan Inggris, arta Amerika, Mexico, Tjina.** Ing wiwitaning taoen 1929, arta-artas palseo waoe kakintoenaken katah sanget dateng Tionghok, kadawahaken djéndral Feng Yuh Siang. Makaten oegi inggih wonten inkang kakintoenaken lantaran agènsowjet dateng India Inggris, Sijem, Paléstina Syrië, lan Amerika. Menggah toedjoenipoen kanggé nggempoe aosing artanipoen tanah-tanah waoe, wasananipoen sageda ladjeng kanggé politieke revolitie. Dakwa kakalih anarangaken oegi bilih kertas-kertas dollar ingkang sapoenika ambandjiri djagad, poenika inggih pabrik Roeslan ...